


# Depistaj Kansè Kolorektal

Fèy Enfòmasyon Debaz



## Kolon ak Rektòm

### Kisa Kansè Kolorektal ye?

Kansè kolorektal se yon kansè ki rive nan kolon oswa rektòm. Pafwa, yo rele l kansè kolon. Kolon se gwo entesten an. Rektòm lan se pasaj ki konekte kolon an ak twoudèyè a.

### Se Dezyèm Kòz Lanmò ki Rive akòz Kansè

Kansè kolorektal se dezyèm kòz lanmò ki rive akòz kansè Ozetazini, men sa pa oblije rive. Si tout moun ki gen 50 an oswa ki pi gran te fè tès depistaj regilyèman, yo ta ka evite omwen 60% lanmò kansè sa a lakòz. Kidonk, si w gen 50 an oswa pi plis, kòmanse fè depistaj kounye a menm.

### Kimoun ki Gen Kansè Kolorektal?

- Gason tankou fanm ka genyen l.
- Ou jwenn li pi souvan kay moun ki gen 50 an oswa pi plis.
- Risk la ogmante avèk laj.

### Èske w Gen Gwo Risk?

Risk pou w gen kansè kolorektal gendwa pi gwo pase sa ki genyen an mwayèn si:

- ou menm oswa yon paran pwòch ou te gen polip kolorektal oubyen kansè kolorektal.
- ou gen yon maladi enflamatwa nan entesten.
- ou gen yon maladi jenetik tankou polipoz adenomatez familyal (FAP) oubyen kansè kolorektal ereditè san polipoz.

Moun ki gen gwo risk pou kansè kolorektal ka bezwen fè tès pi bonè oswa pi souvan pase lòt moun. Pale ak doktè w pou konnen kilè pou w kòmanse fè depistaj ak konbyen fwa ou ta dwe fè tès.

### Depistaj Sove Lavi

Si w gen 50 an oswa pi plis, epi ou fè yon tès depistaj kansè kolorektal, sa ka sove la vi w. Men kòman:

- Dabitid kansè kolorektal kòmanse apati de yon polip nan kolon oswa rektòm. Yon polip se yon timè ki pa ta dwe la.
- Apre yon sèten tan, kèk polip ka vin tounen kansè.
- Tès depistaj yo ka detekte polip yo, dekwa pou yo retire yo anvan yo vin tounen kansè.
- Tès depistaj yo ka detekte kansè kolorektal bonè tou. Lè yo detekte l bonè, gen bon chans pou gerizon.



Polip Nan Kolon

### Kansè Kolorektal ka Kòmanse San Ankenn Sentòm

Polip anvan kansè, ak kansè kolorektal ki nan faz byen bonè pa toujou bay sentòm, sitou nan kòmansman. Sa vle di yon moun ka gen polip oubyen kansè kolorektal san li pa konnen. Se pousa li enpòtan pou fè yon tès depistaj.

### Kisa Sentòm yo ye?

Sèten moun ki gen polip oubyen kansè kolorektal pa gen ankenn sentòm. Ka gen ladan yo:

- San nan pou pou w oswa sou pou pou w (watè).
- Vant fè mal, doulè oswa kranp nan vant ki pa vle pase.
- Pèdi pwa san w pa konnen poukisa.

Si w gen nenpòt nan sentòm sa yo, pale ak doktè w. Yon bagay ki pa kansè gendwa lakòz sentòm sa yo. Sepandan, sèl jan pou konnen kisa ki lakòz yo se al wè doktè w.

## Tip Tès Depistaj

Yo ka sèvi ak plizyè tès depistaj diferan pou detekte polip oubyen kansè kolorektal. Ou ka sèvi ak chak poukont li. Pafwa yo itilize yo an konbinezon youn avèk lòt. Gwoup Travay Sèvis Prevantif Ozetazini (U.S. Preventive Services Task Force) (USPSTF) rekòmande depistaj kansè kolorektal pou gason ak fanm ant 50 ak 75 an; yo fè sa ak egzamen ki trè sansib pou chèche san ki kache nan watè (fecal occult blood testing) (FOBT), ak sigmoyidoskopi, oswa ak koloskopi. Pale ak doktè w pou konnen ki tès (yo) ki bon pou ou. Apre 75 an, yo dwe pran desizyon fè tès depistaj sou yon baz endividyèl. Si w gen plis pase 75 an, mande doktè w si ou dwe fè tès depistaj.

### • FOBT Gwo-Sansiblite (Egzamen Watè)

Gen de tip FOBT: Youn sèvi ak pwodwi chimi gaya (guaiac) pou detekte san an. Lòt la—yon tès iminolojik fekal (FIT) —itilize antikò pou detekte san nan watè a. Founisè swen sante w ba w yon kit egzamen. Lè w Lakay ou, ou sèvi ak yon ti baton oswa bwòs pou pran yon ti kantite watè. Ou tounen tès la bay doktè a oswa nan laboratwa, kote yo chèche san nan echantyon watè a.

**Konbyen Fwa: Yon fwa pa ane.**

### • Sigmoïdoskopi Fleksib

Pou egzamen sa a, doktè a mete nan rektòm ou yon tib kout, mens, fleksib ki gen limye ladan. Doktè a chèche polip oswa kansè anndan rektòm lan ak nan tyè enferyè kolon an.

**Konbyen Fwa: Chak senkan. Lè yo fè l an konbinezon avèk FOBT Gwo-Sansiblite, FOBT a dwe fèt chak twazan.**

### • Koloskopi

Li menm jan ak sigmoyidoskopi fleksib la, sof ke doktè a sèvi ak yon tib pi long, ki mens, fleksib, ki gen limye ladan pou chèche polip oswa kansè anndan rektòm lan ak nan tout kolon an. Pandan egzamen an, doktè a ka detekte epi retire pifò polip ak kèk kansè.

**Konbyen Fwa: Chak 10 an.**

*Yo sèvi ak koloskopi a tou kòm egzamen swivi si yo te detekte nenpòt bagay anòmal pandan youn nan lòt tès depistaj yo.*

## Lòt Tès Depistaj y ap Itilize Oswa ke y ap Etidye

Menm si USPSTF pa rekòmande tès sa yo, yo itilize yo nan sèten etablisman, epi lòt gwoup gendwa rekòmande yo. Anpil plan asirans pa kouvri egzamen sa yo, epi si yo detekte nenpòt bagay anòmal pandan egzamen an, w ap pwobableman bezwen yon swivi ak koloskopi.

### • Lavman Barite an Doub Kontras

Yo ba w yon lavman ak yon likid yo rele baryòm, apre sa yon lavman lè. Baryòm ak lè a kreye yon kontou toutotou kolon an, sa ki pèmèt doktè a wè kontou kolon an sou yon radyografi.

### • Koloskopi Vityèl

Li sèvi ak Reyon-X ak òdinatè pou pwodwi imaj tout kolon an. Imaj yo parèt sou ekran òdinatè a.

### • Tès ADN Nan Watè

Ou kolekte tout watè a nèt epi ou voye l nan yon laboratwa pou yo chèche selil kansè.

## Èske Asirans Oswa Medicare ap Peye?

Anpil plan asirans ak Medicare ede peye pou egzamen depistaj kansè kolorektal yo. Kontakte plan asirans ou an pou konnen ki egzamen yo kouvri pou ou. Pou w jwenn enfòmasyon konsènan Medicare, rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) oswa ale nan [www.medicare.gov](http://www.medicare.gov).

## Lesansyèl

Si w gen 50 an oswa pi plis, pale ak doktè w osijè yon depistaj. Pou plis enfòmasyon ale nan [www.cdc.gov/screenforlife](http://www.cdc.gov/screenforlife) oswa rele 1-800-CDC-INFO (1-800-232-4636). Pou TTY, rele 1-888-232-6348.